

PAMILIHE TEMBUNG SAJRONE ANTOLOGI GEGURITAN WONG AGUNG GURIT PUNJUL RONG PULUH ANGGITANE BUDI PALOPO

Luqman Yuda Ardinata

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
luqmanardinata@mhs.unesa.ac.id

Dr. Murdiyanto, M. Hum

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Guritan-guritan anggitane Budi Palopo kang ana sajrone antologi Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluh nduweni ciri kang mligi tinimbang liyane utamane ngenani daya sosial, daya spirituale lan pamilihe tembung sing dienggo. Punjere panliten iki yaiku pamilihing tembung kang dienggo dening juru gurit tumrap guritan sajrone antologi geguritan “Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluh” anggitane Budi Palopo. Kanggo nemokake pamilihing tembung sajrone antologi geguritan “Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluh”, kanthi dhasar kasebut underane panliten yaiku 1) apa wae carane juru gurit milih tembung sajrone geguritan ing antologi guritan-guritan anggitane Budi Palopo? 2) apa wae tembung sing dipilih sajrone geguritan ing antologi guritan-guritan anggitane Budi Palopo? 3) apa wae dayane tembung sing dipilih sajrone geguritan ing antologi guritan-guritan anggitane Budi Palopo?.

Teori kang dienggo sajrone panliten iki yaiku teori tintingan stilistika. Panliten iki klebu jinise panliten basa lan asipat dheskriptif. Sumber dhata yaiku antologi geguritan “Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluh” anggitane Budi Palopo. Dhata kang digunakake yaiku dhata kang awujud tembung, frasa, lan ukara kang ana sajrone antologi geguritan WAGPRP. Metode sajrone panliten iki nggunakake metode kualitatif dheskriptif.

Asil panliten ngenani pamilihing tembung, sajrone geguritan ing antologi WAGPRP anggitane Budi Palopo diperang dadi telu, yaiku asile panliten kapisan ngenani carane juru gurit milih tembung, ana telu yaiku (1) *konvensional* (2) *inovatif* (3) uwal saka *konvensi* kang wis ana. Asile panliten kapindho yaiku ngenani tembung sing dipilih pangripta sajrone antologi geguritan WAGPRP ana loro yaiku: (1) jinise tembung sing dipilih, lan (2) sumber asale tembung sing dipilih. Tembung sing dipilih diperang maneh dadi telu, yaiku (1) tembung kang umum (2) pocapan (3)simbul. Dene sumber asale tembung diperang dadi telu, yaiku: (1) basa padinan (2) basa manca (3) basa kawi. Asil panliten katelu, ngenani dayane tembung sing dipilih dening Budi Palopo sajrone antologi geguritan WAGPRP ana papat, yaiku: (1) daya *kognitif* (2) daya sosial (3) daya spiritual (4) daya estetik. Daya sosial dipereng dadi loro, yaiku (1) sosial politik (2) sosial budaya. Banjur daya spiritual diperang dadi loro, yaiku: (1) manungsa marang Pengeran (2) Pengeran maranga manungsa.

Tembung sing wigati : pamilihe tembung, guritan, stilistika

Abstrak

Puisi-puisi karyanya Budi Palopo yang ada didalam antologi puisi Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluh mempunyai ciri yang khusus daripada lainnya utamanya mengenai daya sosial, daya spiritual dan pemilihan katanya. Rumusan masalah didalam peneletian ini yaitu pemilihan kata yang dipakai pengarang terhadap puisinya didalam antologi puisi “Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluh” karya Budi Palopo. Untuk menemukan pemilihan kata yang dipakai pengarang didalam antologi puisi tersebut dengan dasar tersebut maka rumusan masalahnya adalah (1) caranya pengarang memilih kata dalam puisi, (2) kata yang dipilih didalam puisi dalam antologi puisi-puisi karyanya Budi Palopo, dan (3) daya kata yang dipilih didalam puisi diantologi puisi-puisi karyanya Budi Palopo.

Teori yang dipakai dalam penelitian ini yaitu kajian stilistika. Penelitian ini termasuk penelitian bahasa dan bersifat deskriptif. Sumber data yaitu antologi puisi Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluh karyanya Budi Palopo. Data yang dipakai berwujud kata, frasa, dan kalimat didalam antologi puisi tersebut. Metode yang dipakai dalam penelitian ini yaitu menggunakan metode kualitatif deskriptif.

Hasil penelitian mengenai pemilihan kata didalam puisi diantologi Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluh karyanya Budi Palopo dibagi menjadi tiga, yaitu hasil penelitian yang pertama mengenai caranya pengarang memilih kata, ada tiga yaitu (1) konvensional (2) inovatif (3) lepas dari konvensi yang

telah ada. Hasil penelitian kedua yaitu kata yang dipilih oleh pengarang didalam antologi puisi tersebut, ada dua yaitu (1) jenis kata yang dipilih oleh pengarang (2) sumber asalnya kata yang dipilih. Kata yang dipilih dibagi lagi menjadi tiga, yaitu (1) kata yang umum (2) pembicaraan (3) simbol. Kalau sumber asalnya kata yang dipilih dibagi menjadi tiga, yaitu (1) bahasa sehari-hari (2) bahasa manca (3) bahasa kawi. Asile panliten katelu mengenai dayanye kata yang dipilih oleh Budi Palopo didalam antologi puisi tersebut ada empat, yaitu (1) daya kognitif (2) daya sosial (3) daya spiritual (4) daya estetik. Daya sosial dibagi menjadi dua, yaitu (1) sosial budaya (2) sosial politik. Lalu daya spiritual dibagi menjadi dua, yaitu (1) Tuhan terhadap manusia dan (2) Manusia terhadap Tuhan.

Kata kunci: pemilihan kata, puisi, stilistika.

PURWAKA

Bageyan purwaka iki diprinci dadi limang subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjere panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

Landhesane Panliten

Pamilihe objek panliten antologi geguritan Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluh anggitane Budi Palopo kuwi amerga antologi utamane narik kawigaten. Utamane ngenani pamilihing tembung kang ana sajrone guritan-guritan kang ana ing antologi geguritan Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluh. Antologi Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluh nggunakake basa Jawa standar lan kala-kala ana tembung kang nggunakake basa Kawi. Saka pencampuran olah tembung kuwi ndadekake guritan anggitane Budi Palopo apik lan endah banget. Lan sing luwih onjo ing antologi kasebut yaiku ngenani babagan sosial lan religi. Sabanjure Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluh dicekak dadi WAGPRP.

Karya sastra minangka salah sawijine wujud kaendahan kang diripta dening manungsa. Karya sastra kang diasilake kuwi mau kawangun saka olah pikire manungsa kang diwujudake arupa tulisan uga lisan. Gazali, B.A. sajrone Pradopo (32:1994) ngandharake sastra kang asale saka basa Sansekerta kang nduweni teges tulisan utawa basa kang endah. Endahe karya sastra kuwi mau kasusun saka pamilihane tembung-tembung kang apik lan saka lelewane basa kang diripta dening pangripta. Pangripta anggone mujudake karya sastrane nduweni cara lan metodhe kang beda-beda. Tujuwan pangripta kuwi kanggo ngandharake kekarepane lan narik kawigatene pamaca. Saka teges-teges kang diandharake ing ndhuwur cetha karya sastra ora bisa uwal saka panguripane manungsa saben dina.

Geguritan mujudake salah sijine wohe karya sastra Jawa gagrag anyar. Tembung geguritan dumadi saka tembung gurit, yaiku tulisan kang awujud reroncenge tembung kanthi nduweni makna lan kaendahan. Paugeran iki yaiku anane pamilihane tembung uga ukara kang dicakake sajrone tulisan kang diripta dening pangripta. Geguritan yaiku sawijining karya sastra kang ditulis nggunakake basa Jawa utawa

wacana geguritan kang nggunakake basa Jawa kang dadi sarana panuture (Saputra, 2001:6). Panulisane geguritan ing jaman saiki utawa Jawa modern ora kaiket paugeran kaya guritan lawas kayata macapat. Ananging ora ana paugeran tartamtu kang kaiket ing geguritan modern ning isih tetep lan kudu nengene kaendahan. Supaya apa kang dikarepake dening pangripta kang ana sajrone pamikirane uga pangrasane bisa kawujud.

Antologi geguritan kang dadi objek panliten iki yaiku “Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluh” anggitane Budi Palopo. Sajrone antologi kuwi kang kasusun sapirang-pirang guritan kang nduweni makna sarta kaendahan kang ngesemake ati. Antologi geguritan WAGPRP nduweni pirang-pirang bab. Saka bab kuwi mau beda-beda isi lan tujuwane geguritan. Bab-bab kang ana sajrone antologi geguritan WAGPRP yaiku, 1) sekapur sirih 2) Solah Pinilih Lan Donga Sraba 3) Piweling 4) Paseksen 5) Panemu 6) Cangkriman. Antologi geguritan WAGPRP anggitane Budi Palopo kasusun saka 6 bab, 98 kaca, lan 63 guritan.

Teori kang digunakake minangka landhesan ing panliten iki yaiku tintingan stilistika. Miturut penemune Sudjiman (1993:3), stilistika nliti kalungguhan guritan sawijie basa. Tujuwan saka tintingan stilistika yaiku ngandharake samubarang kang umum ana sajrone donyane kasusastran, kanggo njlentrehake sesambungan ing antarane basa karo artistik lan maknane (Nurgiyantoro, 2005:279).

Bukti empiris kang ana sajrone antologi WAGPRP anggitane Budi Palopo kanggo nuduhake bener apa ora antologi kasebut ditliti nganggo tintingan stilistika. Kaya pethikan dhata cangkriman jroning panguripan kang kajupuk saka guritan kanthi irah-irahan Amit Sewu kaca 9, pada 1, ana ing gatra 7. Pethikan kasebut nuduhake panganggone purwakanthi guru swara kang klebu ana ing lelewane basa Jawa.

Adhedhesar andharan kang wis dijltrehake ing ndhuwur, sing ditliti ing panliten iki yaiku pamilihe tembung sajrone antologi geguritan WAGPRP anggitane Budi Palopo, kanthi nggunakake tintingan stilistika.

Punjere lan Undere Panliten

Adhedhasar landhesan panliten kang wis diandharake ana ing ndhuwur, punjere panliten bisa diperang dadi telu. Bab-bab kasebut yaiku:

- (1) kepriye carane juru gurit milih tembung sajrone guritan ing antologi guritan-guritan anggitane Budi Palopo?
- (2) jinis tembung apa wae sing dipilih sajrone guritan-guritan anggitane Budi Palopo?
- (3) kaya apa dayane tembung sing dipilih sajrone guritan-guritan anggitane Budi Palopo?

Tujuwane Panliten

- (1) Ngandharake lan njlentrehake carane juru gurit milih tembung sajrone guritan ing antologi guritan-guritan anggitane Budi Palopo,
- (2) Ngandharake lan njlentrehake tembung sing dipilih sajrone guritan-guritan anggitane Budi Palopo, lan
- (3) Ngandharake lan njlentrehake dayane tembung sing dipilih sajrone guritan-guritan anggitane Budi Palopo.

Paedahe Panliten

Asile panliten iki bisa kanggo panyengkuyung ngrembakakakes sastra Jawa modern kang wis ana sadurunge. Kanggo menehi sumbangsih marang ilmu stilistika, utamane kanggo ngonceki babagan pamilihane tembung lan lelewaning basa. Paedah praktis sajrone panliten iki, antarane yaiku: (1) kanggo menehi pituduh kepriye lelewaning basa lan pamilihane tembung geguritan anggitane Budi Palopo. (2) bisa kanggo pasinaon tumrape siswa SMP utawa SMA kang mligine nyinaoni babagan lelewaning basa.

Watesane Panliten

Panlitne iki nggunakake wewatesan supaya nggampangake panliti anggone nлити. Watesan dienggo supaya panliten anggone nлити ora nggrambyang saka konsep panliten kang dilakoni. Wewatesan sing ana ing panliti iki kaya ana ing ngisor iki. (1) Wewatesane topik ana ing panliten iki yaiku ngenani pamilihe tembung sajrone antologi WAGPRP. (2) Wewatesane sumber dhata ana ing panliten iki yaiku antologi geguritan antologi geguritan “Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluhan” anggitane Budi Palopo. (3) Wewatesane andharan ing panliten iki yaiku ngenani carane juru gurit milih tembung, tembung sing dipilih, dayane tembung kang ana ing antologi kasebut bakal diandharake ana ing panliten iki.

Panjentrehe Tetembungan

Tetembungan sing dianggo ing panliten iki ana papat, yaiku (1) pamilihe tembung, (2) lelewane basa, (3) geguritan, lan (4) stilistika. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

1) Pamilihe Tembung

Pamilihe tembung kang lumrahe diarani diksi utawa diarani pilihan leksikal wigati banget kanggo medharake makna sawijining reiptan sastra. Pamilihe tembung sing trep bisa nuwuhake efek tartamtu, utawa bisa ngilangake monotoni (Sudjiman, 1993:22).

2) Lelewane Basa

Lelewane basa mujudake sawijining piranti kanggo nggambarake, negesake inspirasi utawa panemu ing wujud basa kanthi gaya kang bisa narik kawigaten (Jalil, 1990:31).

3) Geguritan

Geguritan kang dikarepake ing kene mujudake geguritan Jawa kang asipat modern kang lumrah diarani puisi. Pradopo (1997:7) ngandharake yen geguritan utawa puisi mujudake ekspresi pamikir kang bisa nuwuhake rasa pangrasa, lan nuwuhake gegambaran pancadriya ing sawijining rerakitan kang tumatata lan nduweni wirama.

4) Stilistika

Sudjiman (1993:13) ngandharake stilistika mujudake style, minangka cara kang digunakake pamicara utawa panulis kanggo ngudal kekarepan kanthi nggunakake sarana basa. Miturut Teeuw (1988:72) stilistika nлити panganggone basa kang khas, kang mujudake ciri khas sawijine panganggit, aliran sastra, lan liya-liyane, utawa basa kang nyimpang saka basa saben dina utawa basa kang dianggep lumrah.

TATA CARANE PANLITEN

Panliten ngenani pamilihe tembung sajrone guritan ing antologi WAGPRP anggitane Budi Palopo kalebu, panliten kualitatif. Panliten iki kalebu jinis panliten basa. Panliten basa yaiku kagiyatan nлити identitas objek panliten kang nduweni gegayutan karo konteks panliten (Mahsun, 2005:31). Panliten basa kalebu panliten kualitatif. Miturut Arikunto (2006:12), panliten kualitatif ora nggunakake angka nalika nglumpukake dhata lan sajrone menehi penafsiran tumrap asile. Panliten kang ngenani pamilihing tembung ing antologi geguritan WAGPRP anggitane Budi Palopo asipat sinkronis utawa dheskriptif. Panliten sinkronis yaiku panliten basa kang dilakokake kanggo ngamati fenomena basa tartamtu sajrone wektu tartamtu. Asipat sinkronis amarga nлити basa ing jaman saiki (Kridalaksana, 2008:222). Panliten dheskriptif yaiku metode panliten kang menehi gambaran objek utawa subjek kang diteliti adhedhasar kasunyatan utawa apa anane, kang nduweni ancangan gambarake kanthi cara sistematis, empiris, fakta, lan karakteristik objek kang diteliti kanthi trep. Panliten dheskriptif yaiku panliten kang dilakokake kanthi cara sistematis uga empiris. Sistematis yaiku metodhe utawa cara kang runtut utawa ketata lan cetha anggone kerja. Empiris nduweni teges panliten kang

adhedhasar kasunyatan utawa ora ngarang lan digawegawe.

Panliten kualitatif kang nitingi reription sastra nduweni titikan paling wigati yaiku, (1) panliti mujudake kunci kang maca kanthi premati reription sastra, (2) panliten ditindakake kanthi cara deskriptif, diandharake lan dijlentrehake kanthi wujud tetembungan utawa angka-angka, (3) luwih nengenake proses tinimbang kasil, amarga reription sastra mujudake kanyatan kang mbutuhake anggone negesi, (4) analisis kanthi induktif, lan (5) makna mujudake babagan kang paling utama (Endraswara, 2008:5).

Dhata minangka asil saka cathetane panliti kang arupa fakta utawa angka sajrone Arikunto (2010:161). Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku arupa tembung, frasa, ukara lan liya-liyane sajrone antologi guritan WAGRPP sing ngandhut pamilihe tembung lan trep karo undheran panliten. Dhata kasebut bakal diandharake ing bagan ngisor iki. Panliti ing panliten iki dadi instrumen utama. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang nggolek dhata, njlentrehake dhata, lan nulis asil panliten iki. Instrumen utama ora bisa lumaku kanthi lancar tanpa disengkuyung dening instrumen panyengkuyung. Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki awujud piranti kang bisa nyengkuyung anggone panliti nglumpukake dhata. Piranti kuwi awujud buku tulis kanggo nyathet uga buku refrensi kang nduweni gegayutan karo panliten iki, pulpen utawa piranti tulis kanggo nyathet lan menehi tandha marang apa kang prelu ditandhani sajrone panliten iki dilakokake, lan laptop kanggo ngetik kasile panliten.

Carane nglumpukake dhata ing panliten iki, yaiku nggunakake teknik cathet. Teknik cathet yaiku cara panliti kanggo nyathet data-data kang nduweni gegayutan karo masalah panliti, banjur diseleksi, diatur, lan diklarifikasikake Teknik cathet yaiku teknik golek dhata kanthi cara nyathet sakabehane dhata kang dibutuhake ing kartu dhata (Mahsun, 2005:131). Anggone panliti nglumpukake dhata yaiku (1) panliti maca sumber dhata antologi WAGRPP, (2) panliti nyathet tembung utawa ukara kang ngemu pamilihe tembung ing kartu dhata, (3) panliti menehi tandha tumrap tembung utawa ukara-ukara kang ngemu perangan pamilihe tembung, (4) ukara sing wis diklumpukake, banjur dipilih sing paling trep karo undherane panliten lan diketig minangka lampiran dhata panliten kanthi menehi nomer urut, perangan pamilihe tembung sajrone dhata dicethak kandel, lan diwenahi katrangan sumber dhatane.

Carane njlentrehake dhata sajrone panliten iki minangka punjering panliten lan bab kang wigati banget. Amarga tanpa anane analisis dhata dilakokake dhata kang wis diantuki ora bakal ana gunane Teknik njlentrehake data nggunakake metodhe agih. Metodhe agih yaiku

metodhe analisis dhata kanthi perangan saka basa iku dhewe dadi perangan kang nemtokake analisis panliten, kayata tembung, fungsi sintaksis, ukara, lan sak piturute (Sudaryanto, 1993:15-16).

Dhata kang wis dilumpukake dikelompokake miturut jinise banjur dianalisis. Tujuwan kang dituju sajrone analisis dhata yaiku kanggo buktikake yen antologi geguritan WAGRPP anggitane Budi Palopo nduweni sesambungan karo undering panliten. Trap-trapan kang dienggo sajrone analisis dhata kasebut yaiku:

- (1) Dhata sing nduweni sesambungan karo undere panliten kajupuk saka antologi geguritan WAGRPP anggitane Budi Palopo.
- (2) Dhata kang wis dilumpukake banjur dikelompokake lan diperang miturut undere panliten.
- (3) Dhata kasebut dianalisis
- (4) Ndudut lan nyusun asile panliten.
- (5) Didokumentasi awujud skripsi.

Carane nyuguhake asil panjlentrehe dhata nuduhake upaya kanggo nyuguhake asil jlentrehan dhata kang awujud laporan ilmiah kang diasilake sajrone panliten. Carane nyuguhake asil panjlentrehe dhata digunakake cara formal lan informal (Sudaryanto, 1993:144). Cara nyuguhake dhata formal yaiku cara nyuguhake dhata nggunakake tandha-tandha lan lambang-lambang. Dene cara nyuguhake dhata informal yaiku cara nyuguhake asile dhata kang wis dijlentrehake kanthi cara dheskriptif kang nggunakake tembung-tembung kang lumrah (Sudaryanto, 1993:145).

JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASILE PANLITEN

Isine andharan lan jlentrehane dhata iki yaiku ngenani pamilihe tembung sajrone guritan ing antologi WAGRPP anggitane Budi Palopo. Pamilihe tembung sajrone guritan ing antologi WAGRPP anggitane Budi Palopo iki diperang dadi telu, yaiku (1) carane juru gurit milih tembung, (2) tembung sing dipilih, lan (3) dayane tembung sing dipilih.

a. Carane Juru Gurit Milih Tembung

Anggone juru gurit milih tembung sajrone guritan ing antologi WAGRPP diperang dadi telung cara, yaiku (1) konvensional, (2) inovatif, lan (3) uwal saka konvensi kang wis ana.

1. Konvensional

Cara konvensional mujudake cara kang dienggo dening jurit gurit manut marang konvensi utawa paugeran kang umume wis disarujuki. Andharan ngenani bab kasebut bisa diandharake lumantar (1) purwakanthi lan (2) pepindhan.

a) Purwakanthi

Purwakanthi yaiku nggandheng kang wis kasebut ana ing wiwitan. Anane purwakanthi sajrone

guritan ing antologi WAGPRP diperang dadi telu, yaiku purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra, lan purwakanthi lumaksita.

1) Purwakanthi Guru Swara

Purwakanthi guru swara minangka pangulange swara vokal (swara menga) saka tembung sing beda, kanthi diwiwiti konsonan sing padha utawa sing beda

- (1) Kandhane bapa, malekat cinipta saka cahya (DW KC 82, PD 1, GT 2)

‘kata bapak, malaikat tercipta dari cahaya’

Pethikan dhata (1) kapethik saka guritan kanthi irah-irahan “Dhawuh” klebu purwakanthi guru swara /a/ kang bisa dideleng saka pethikan leksikal malekat cinipta saka cahya. Bisa dimangerteni ing kene panggurit menahi pituduh yen malekat diciptakake saka cahya. tembung malekat nduweni teges makhluk Pengeran kang kondang amarga banget patuhe marang dhawuhe Pengeran. Asale malekat kang kapethik saka gatra cinipta saka cahya.

2) Purwakanthi Guru Sastra

Purwakanthi guru sastra minangka pangulange konsonan sing padha sajrone ukara. Konsonan kang wis kasebut ana ing perangan ukara kang ngarep utawa kang wiwitan, dikanthi, digandeng, disebutake maneh dening perangan ukara kang pungkasan.

- (2) kanthi kidung panglipur wuyung bapa biyung mangulir budi (GP KC 32, PD 1, GT 4)

‘Dengan lantunan ayat-ayat kitab suci sebagai obat penenang hati bapak dan ibu bisa merubah perilaku.’

Pethikan dhata (2) kang kapethik saka guritan kanthi irah-irahan “Gender Pedhalangan” klebu purwakanthi guru sastra kang bisa dideleng saka pethikan ukara bapa biyung mangulir budi. Pangripta ing kene nuduhake sajrone guritan kasebut wong tuwa minangka guru kawitan tumrap anak bisa nduweni pamikiran utawa nalar kang bener lumantar ngrungokake dhawuhe agama. Gatra bapa biyung nduweni teges sebutane wong tuwa lanang lan wong tuwa wadon. Dene gatra mangulir budi nduweni teges ngalihake pola pikir utawa nalar. Dadi ukara bapa biyung mangulir budi nduweni teges wong tuwa kekarone kang ngulir utawa ngalihake pola pikir utawa nalare kang salah dadi pola pikir kang bener.

3) Purwakanthi Lumaksita

Purwakanthi lumaksita minangka pangulange tembung lingga kang padha kang ana ing purwa utawa wiwitane gatra lan ing tengah utawa pungkasane gatra uga kaulang maneh sajrone wujud kang beda, biyasane tembung kasebut oleh wuwuhan awujud ater-ater, panambang, lan liya-liyane.

- (3) golekane, kae golekane sapa (KL KC 66, PD 2, GT 1)

‘Pengarang mempertanyakan itu anak siapa dan siapa yang harus bertanggung jawab.’

Pethikan dhata (3) kang kapethik saka guritan kanti irah-irahan “Kembang Lambe” dumadi saka purwakanthi lumaksita kang bisa dideleng saka pethikan ukara golekane, kae golekane sapa. Anane purwakanthi lumaksita bisa dituduhake lumantar tembung golekane lan golekane. Tembung kekarone kasebut saka tembung lingga kang padha yaiku golekane. Dadi pethika ukara golekane, kae golekane sapa bisa ditegesi pangripta nggambarake anane manungsa kang dadi kembang lambe amarga dheweke nduweni anak tanpa bapak saengga dadekake pitakonan kuwi anak saka ngendi.

b) Pepindhan

Pepindhan yaiku unen-unen kang ngemu surasa pepadhan, irib-iriban, emper-emperan. Anane pepindhan sajrone guritan ing WAGRPP kaperang dadi telu, yaiku (1) bebasan, (2) saloka, (3) lan sanepa.

a) Bebasan

Bebasan yaiku unen-unen kang ajeg panganggane, ngemu surasa pepindhan, lan sing pindhakake iku kaanane wong utawa tindak-tanduke.

- (4) mula enggal sun regem kalam munyeng (KM KC 40, PD 2, GT 1)

‘Pengarang mensiratkan bagaimana bahanya lisan ini dan untuk itu maka harus dijaga.’

Pethikan dhata (4) kang kapetik saka guritan “Kalam Munyeng” ngemu anane bebasan kang bisa dideleng saka pethikan ukara mula enggal sun regem kalam munyeng. Saka pethikan ukara kasebut bisa dimangerteni yen pangripta nduweni pamawas ngenani dhawuhe Gusti Allah kang wis tumurun ana ing ndonya kudu bisa dilakoni lan dadi pathokane ngurip. Bab kasebut kacethakake lumantar frasa kalam munyeng. Ana ing petikan kasebut pangripta ngendika anggone dheweke ngurip tansah gecolan rapet marang dhawuhe Pengeran. Dhawuhe Pangeran kang Agung sumebar ana ing ngendi kang dipindhakake karo kalam munyeng.

b) Saloka

Saloka yaiku unen-unen kang ajeg panganggane (ora kena diowahi) ngemu surasa pepindhan lan kang dipepindakake iku wonge.

- (5) ngundang tekane laler-laler ijo (KL KC 66, PD 1, GT 4)

‘Mengundang datangnya manusia yang suka menggunjing sesama.’

Pethikan dhata (5) kapethik saka guritan “Kembang Lambe” ngemu anane saloka, kang bisa dideleng saka pethikan ukara ngundang tekane laler-laler ijo. Pethikan kasebut njletrahake anggone manungsa kang seneng marang barang ala. Barang ala kuwi yaiku perilaku kang ora diantuki dening agama. Ing pethikan kasebut

dicethakake lumantar frasa laler ijo. Ing kene pangripta menahi pepindhan manungsa kang seneng prilaku ala mligine buka kawirangane manungsa liyane kaya sipate laler ijo kang ngrubung sampah banjur nyebarake penyakit.

c) Sanepa

Sanepa iku ukara pepindhan kang kedadeyan saka dhapukane tembung watak utawa kahanan sinambungan tembung aran.

(6) kanggo uriping gurit sing apik (AS KC 9, PD 1, GT 10)

‘Untuk perjalanan kehidupan yang lebih baik.’

Pethikan dhata (6) kang kapethik saka guritan “Amit Sewu” ngemu anane sanepa, kang bisa dideleng saka pethikan ukara kanggo uriping gurit sing apik. Pethikan kasebut nuduhake manungsa dituntut supaya ngurip ing ngalam donya nduweni prilaku kang apik supaya lakune jejeg. Bab kasebut kacethakake lumantar frasa uriping gurit. Pangurit lumantar pethikan kasebut menahi pitutur marang pamaos supaya anggone ngurip yen bisa gaweya crita kang apik lumantar laku jejeg lan prilaku kang apik.

2. Inovatif

Cara kaloro kang digunakake juru gurit anggone milih tembung sajrone guritan ing antologi WAGRPP dilakoni kanthi cara inovatif. Sajrone cara inovatif isih diperang dadi telu, yaiku (1) tembung kang karaketan wuwuhan, (2) tembung camboran, lan (3) tembung kang rinangkep.

a) Tembung Kang Karaketan Wuwuhan

Tembung kang karaketan wuwuhan iku diarani tembung andhahan. Tembung andhahan kaperang dadi papat yaiku (1) ater-ater, (2) panambang, (3) seselan, lan (4) wuwuhan bebarengan.

1) Ater-ater

Wujude ater-ater ana lima, yaiku ater-ater {a-} mujudake tembung kahanan, ater-ater {a-} utawa {ma-} nganggo nasal (anuswara) mujudake tembung kriya tanduk, ater-ater {dak-}, {ko-}, {di-}, {ka-} iku mujudake tembung kriya tanggap, ater-ater {pa-}, {pi-}, {pra-}, {para-}, {mara-} mujudake tembung aran, sarta ater-ater {ka-} mujudake tembung kahanan. Sajrone antologi guritan WAGRPP mung ditemokake saperangan dhata kang ngemu ater-ater.

(7) kamangka jajanira tanpa ran (GK KC 12 PD,3, GT 2)

‘Sulit untuk mengungkapkan dan nama yang pantas untuk Tuhan yang Maha’

Pethikan dhata (7) kang kapethik saka guritan “Guritan Sukma” ana tembung kamangka saka tembung lingga mangka kang antuk ater-ater {ka-} mujudake tembung kahanan kang nduweni teges menahi surasa kosok balen marang kahanane pangripta kang nduweni

pitakonan ngenani panutane ngurip ing ngalam donya. Sajrone guritan kasebut pangripta nduweni pitakonan ananging ing pada kang pungkasan pangripta nerangake yen orsa ana gunane takon merga arep takon menyang sapa babagan ngelmu mangerteni dununge Pangeran.Kuasa.

2) Panambang

Panambang yaiku tembung andhahan kang wujude ing burine tembung lingga. Wujude panambang iku ana enem, yaiku (1) panambang {-e}, {-ku}, {-mu}, (2) panambang {-i}, (3) panambang {-an}, (4) panambang {-a}, (5) panambang {-en}, lan (6) panambang {-e}. Sajrone antologi guritan WAGRPP mung ditemokake saperangan dhata kang ngemu panambang.

(8) Ironing bandhosa tetep mayit isine (GB KC 14, PD 4, GT 3)

‘Keranda yang indah dihias bagaimanapun isinya tetap mayat’

Pethikan dhata (8) kapethik saka guritan “Gurit Bandhosa” anane tembung isine saka tembung isi kang antuk panambang {-ne} nduweni teges apa-apa kang ana sajrone barang. Pethikan kasebut nuduhake lan njlentrehake anane isine bandhosa. Dibacutake karo ironing bandhosa tetep mayit kang nduweni teges isine bandhosa kuwi mayit. Dadi pethikan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen ana barang kang dienggo dadi wadhahe mayit kang arane bandhosa kang khusus kanggo mayit utawa jisime manungsa kang wis mati.

3) Seselan

Wujude seselan ana nem, yaiku {-r-}, {-l-}, {-m-}, {-em-}, {-um-}, lan {-in-}. Seselan {-r-}, {-l-} ora pati ngowahi surasane tembung, mung banjur mundhak antepe, temen-temene, cacahe lan sok mung mundhak kepenak utawa apike. Seselan {-m-}, {-em-}, {-um-} mujudake tembung kahanan. Banjur seselan {-in-} mujudake tembung tanggap.

(9) kinaya ayang-ayang pewayangan (BK KC 38, PD 1, GT 2)

‘Jadi manusia jangan seperti bayang-bayang yang tak mampu berdikari sendiri.’

Pethikan dhata (9) kang kapethik saka guritan “Bagenda Kilir” ana tembung kinaya saka tembung kaya kang antuk seselan {-in-} nduweni teges madhakake barang siji klawan barang liyane. Pangripta anggone nganggo seselan {-in-} kanggo nyethakake anggone pangripta madhakake. Pethikan ing ndhuwur ngemu teges anane manungsa kang seneng niru wong liya ora gelem dadi awake dhewe.

4) Wuwuhan Bebarengan

Wuwuhan bebarengan yaiku wuwuhan kang awujud ater-ater lan panambang kang diandhahake ing tembung lingga kanthi bebarengan.

(10) ana pitakon merga ana paseksen (AS KC 9, PD 1, GT 4)

‘Jika ad pertanyaan itu karena ada sesuatu yang disaksikan’

Pethikan dhata (10) kang kapethik saka guritan “Amit Sewu” ana tembung *paseksen* saka tembung *seksi* akang antuk wuwuhan bebarengan {pa/-an} mujudake tembung kriya kang nduweni teges nyata weruh klawan mripat kanthi tumemen. Pethikan ing ndhuwur nuduhake anggone pangripta bisa nduweni kahanan kang agawe penasaran saengga mujudake pitakonan lumantar weruh kanthi nyata. Dadi pethikan *ana pitakon merga ana paseksen* bisa ditegesi anggone manungsa bisa pinter lumantar takon, pitakonan bisa muncul merga weruh kanthi nyata dhisik marang samubarang.

b) Tembung kang Rinangkep

Tembung kang rinangkep kaperang dadi loro yaiku tembung kang rinangkep wiwitane lan tembung kang rinangkep linggane. Ing ngisor iki bakal diandharake tuladhane tembung kang rinangkep.

1) Tembung kang Rinangkep Wiwitane

Tembung kang rinangkep wiwitane yaiku tembung kang dumadi saka pangrangkepe purwane tembung lingga utawa wanda kawitane tembung.

(11) kanggo tetenger anane ana (AS KC 9, PD 1, GT 1)

‘untuk tanda keberadaanNYA ada.’

Pethikan dhata (11) kang kapethik saka guritan kanthi irah-irahan “Amit Sewu” ana tembung tetenger saka tembung tenger banjur purwane tembung lingga karangkep saengga mujudake tembung tetenger. Tembung tetenger ngemu teges minangka dadi tandhane samubarang kang nduweni titikan kang beda-beda.

2) Tembung kang Rinangkep Linggane

Tembung kang rinangkep linggane yaiku tembung lingga kang dirangkep. Tembung kang rinangkep linggane utawa dwilingga iku ana kang karangkep wutuh lan ana kang karangkep mawa owah-owahan swara.

(12) ongang-onggang lungguh ki dhalang (GP KC 32, PD 2, GT 1)

Pethikan dhata (12) kang kapetik saka guritan kanthi irah-irahan “Gender Pedhalangan” ana tembung rangkep *onggang-onggang* saka tembung *onggang* kang karangkep tembung linggane dadi tembung *onggang-onggang* kang klebu tembung dwilingga. Tembung *onggang-onggang* nduweni teges lungguh ing pinggir klawan sikile gumantung. Dadi pethikan *onggang-onggang lungguh ki dhalang* bisa ditegesi yen nerangake anggone lungguhe dhalang sajrone guritan kasebut.

c) Tembung Camboran

Tembung camboran yaiku tembung loro utawa luwih sing digandheng dadi siji lan tembung mau bisa

dadi tembung anyar kang tegese uga melu anyar. Tembung camboran kaperang dadi loro yaiku tembung camboran wutuh lan tembung camboran tugel utawa wancahan.

1) Tembung Camboran Wutuh

Tembung camboran wutuh yaiku tembung camboran kang dumadi saka tembung-tembung kang isih wutuh. Tembung camboran wutuh diperang dadi loro yaiku tembung camboran pisah lan tembung camboran tunggal. Adhedhasar guritan sajrone antologi WAGPRP, ditemokake anane camboran pisah lan camboran tunggal.

(a) Camboran pisah

Panulisane ora digandheng lan tanpa tandha pangandheng. Tembung sing mburi dadi katrangan teng kang ana ing ngarepe. Dhata kang ngenani perangan kasebut ana ing ngisor iki.

(13) sun priksa guritan luhung (GB, KC 14, PD 1, GT 2)

‘ku priksa puisi yang luhur’

Pethikan Dhata (13) kang kapetik saka guritan “Gurit Bandhosa” nggunakake tembung camboran pisah kang bisa dideleng saka pethikan gatra guritan luhung. Pethikan kasebut saka tembung guritan kang nduweni teges tulisan awujud reroncenging tembung kanthi paugeran tartamtu kagandheng karo tembung luhung mingka dadi katrangan tembung sangarepe lan nduweni teges nduweni kalungguhan kang luhur utawa mulya. Pethikan sun priksa guritan luhung sajrone guritan kasebut ngemu teges anggone pangripta ngonceki kitab suci kang digambarake kaya guritan sing nduweni aturan tartamtu lan ngandhut paugeran-paugeran saking Pengeran mula kalungguhane mulya dienggo ngurip ing ngalam donya supaya apik lan bener lakune.

(b) Camboran Tunggal

Tembung camboran tunggal ana kang kadadeyan saka telu prakara, yaiku ing antarane (1) tembung kang beda tegese, (2) tembung kang padha utawa meh padha tegese, lan (3) tembung kosok balen. Dhata ngenani perangan kasebut ana ing ngisor iki.

(14) tansah sun rungu sabda dhawuhe (GP KC 32, PD 2, GT 4)

Pethikan dhata (14) kang kapethik saka guritan “Gender Pedhalangan” nggunakake tembung camboran tunggal kang bisa dideleng saka pethikan gatra sabda dhawuhe. Gatra kasebut saka rong tembung kang nduweni teges kang padha tembung sabda nduweni teges swara utawa guneman padatane manungsa. Dene tembung dhawuh tutur utawa pangandikane manungsa. Yen dideleng tembung kaloro kasebut padha nerangake ngenani pangandika utawa guneman saka cangkem.

2) Tembung Camboran Tugel

Tembung camboran tugel yaiku tembung camboran kang dumadi saka tembung kang isih wutuh lan

tembung wancahan, utawa kabeh tembung camboran iki kabeh dumadi saka tembung wancahan. Tembung wancahan yaiku tembung tugelan kang sengaja digunakake panggurit kanthi tujuwan njangkepi cacahé wanda lan nambahi unsur estetika sajrone reription sastra anggitane pangripta. Tuladhane kaya ing ngisor iki.

(15) njur ngomonga sing ndakik (AS KC 9, PD 1, GT 9)

‘lalu bicaralah dengan sombong.’

Pethikan dhata (15) kang kapethik saka guritan “Amit Sewu” nggunakake tembung camboran tugel kang bisa dideleng saka pethikan tembung njur saka tembung banjur. Tembung njur sajrone pethikan kasebut kanggo nerangake prilaku kang kudu dilakokake dening pamaca miturut panggurit. Dadi bisa ditegesi pethikan njur ngomonga sing ndakik yaiku manungsa bisa ngomong kanthi bener nalikane isih urip ing ngalam donya.

3. Inkonvensional

Cara pungkasan kang dienggo dening juru gurit kanggo milih tembung sajrone guritan ing antologi WAGRPP yaiku kanthi uwal saka konvensi kang wis ana utawa inkonvensional. Anggone juru gurit uwal saka konvensi kang wis ana sajrone guritan ing antologi WAGRPP, namung ditemokake kanthi cara uwal saka struktur sintaksis. Anane bab kang kaya mangkono bisa dideleng sajrone pethikan dhata ing ngisor iki.

(16) Tinulis ngriyas lembar ijo kain tutup-e (GB KC 14, PD 1, GT 3)

‘Tulisannya merias lembar hijau kain tutup keranda.’

Pethikan (16) mujudake carane panggurit anggone uwal saka struktur sintaksis. Pethikan (139) minangka pethikan saka guritan kanthi irah-irahan “Gurit Bandhosa”. Bab kang uwal saka konvensi dituduhake lumantar tembung ngriyas. Pangganggone tembung ngriyas kasebut mujudake bab kang uwal saka konvensi kang wis ana amarga tembung ngriyas iku minangka tembung basa Indonesia kang dipeksa dadi basa Jawa kanthi menehi wanda /y/ samburine wanda /i/. Dadi ana tembung basa Indonesia kang dipeksa dadi tembung ing basa Jawa mujudake uwal saka konvensi. Anane bab kang kaya mangkono sengaja diripta dening panggurit kanggo nyelasake makna sajrone pethikan ukara kasebut. Pamilihing tembung kang uwal saka konvensi kasebut mujudake surasa kaendahan tumrap guritan kang diripta dening juru gurit.

b. Tembung sing Dipilih

Tembung sing dipilih sajrone guritan ing antologi WAGRPP bakal ngandharake ing antarane yaiku: (1) jinise tembung sing dipilih, lan (2) sumber asale tembung sing dipilih.

1. Jinise Tembung sing Dipilih

Jinise tembung sing dipilih dening panggurit sajrone guritan ing antologi WAGRPP diperang dadi telung jinis adhedhasar wujud lan isine, yaiku: (1) tembung kang umum, (2) pocapan, lan (3) simbul. Katelu jinis kasebut bakal kaandharake siji mbaka siji ana ing ngisor iki.

a) Tembung Kang Umum

Jinis tembung sing dipilih dening panggurit sajrone guritan ing antologi WAGRPP kang kapisan yaiku arupa tembung kang umum. Tembung kang umum mujudake tembung-tembung kang ngandhut makna kaya makna sajrone kamus (makna leksikal) saengga landhesan maknane ora nuduhake ing maneka jinis makna liyane (makna denotatif). Jinis tembung sing dipilih dening juru gurit kang arupa tembung kang umum sajrone guritan ing antologi WAGRPP bisa dideleng sajrone andharan dhata ing ngisor iki.

(17) papan kang bener (AS KC 9, PD 1, GT 4)

‘tempat yang benar’

Pethikan dhata (17) mujudake panganggone tembung kang umum kang dipilih dening panggurit. Pethikan dhata (17) minangka pethikan saka guritan kanthi irah-irahan “Amit Sewu”. Tembung kang umum sajrone guritan “Amit Sewu” dituduhake lumantar tembung papan. Tembung papan nuduhake tembung kang nduweni makna denotatif utawa makna leksikal. Bab kasebut sajrone guritan “Amit Sewu” ngemu teges asale manungsa kang apik saka Pengeran yen dienggonake ing panggonan utawa papan kang bener ateges kumpul ana wong-wong apik uga sipate dadi apik amarga asale saka wiji kang apik diseleh ing panggon apik. Mula, panggurit sajrone guritan “Amit Sewu” nggunakake tembung kang umum kanggo njlentrehake ing ngendi dununge yen manungsa bisa dadi apik.

b) Pocapan

Jinis tembung kaloro kang dipilih dening juru gurit sajrone guritan ing antologi WAGRPP yaiku arupa pocapan. Pocapan mujudake tembung-tembung kang ngandhut makna selaras karo kahanan sajrone konteks panganggone. Jinis tembung sing dipilih dening juru gurit kang arupa pocapan sajrone guritan ing antologi WAGRPP bisa dideleng sajrone andharan dhata ing ngisor iki.

(18) urip amun-amun tan kena

kinaya ayang-ayang pewayangan (BK KC 38, PD 1, GT 1-2)

‘hidup yang sejati tidak seperti seperti bayang-bayang pewayangan’

Pethikan dhata (18) mujudake pocapan kang dipilih dening juru gurit sajrone antologi geguritan

WAGPRP. Pethikan (18) minangka pethikan saka guritan kanthi irah-irahan “Bagenda Kilir”. Pocapan sajrone guritan “Bagenda Kilir” dituduhake lumantar ukara urip amun-amun tan kena. Tembung urip selaras karo ukara amun-amun tan kena. Bab iki ngemu teges yen ukara urip amun-amun tan kena panggurit nduweni pamawas kepriye uriping manungsa kang satemene. Bab kasebut kasengkuyung marang gatra sabanjure yaiku kinaya ayang-ayang pewayangan, bab kasebut bisa ditegesi yen pangripta menepi piweling tumrap pamaca supaya urip aja kaya ayang-ayange pewayangan kang ora satemene ateges ora jujur. Mula cetha pethikan ukara urip amun-amun tan kena nduweni makna kang selaras karo kahanan konteks pangganggone ukara lan kabukti yen nduweni sesambungan karo ukara sabanjure.

c) Simbul

Jinis tembung katelu kang dipilih dening juru gurit sajrone guritan ing antologi WAGPRP yaiku arupa simbul. Simbul mujudake tembung-tembung kang ngandhut makna konotatif, saengga kanggo ngerteni bab kasebut, pawongan kudu ngandharake kanthi ndeleng sesambungan teges sawijine tembung lan tembung liyane.

(19) Kanggo uriping gurit kang apik (AS KC 9, PD 1, GT 10)

‘Untuk jalannya kehidupan yang baik’

Pethikan dhata (19) mujudake panganggone simbul kothong kang dipilih dening juru gurit kang ana sajrone antologi geguritan WAGPRP. Pethikan (19) minangka pethikan saka guritan kanthi irah-irahan “Amit Sewu”. Simbul kothong sajrone guritan “Amit Sewu” dituduhake lumantar pethikan gatra uriping gurit. Gatra uriping gurit mujudake simbol kothong sajrone guritan kasebut. Bab kasebut ngemu teges crita nalikane manungsa kang isih ngurip ing alam donya. Dadi ukara kanggo uriping gurit kang apik bisa ditegesi panggurit ngarepake supaya pamaca kang maca guritan kasebut bisa nata uripe supaya bener lakune.

2. Sumber Asale Tembung sing Dipilih

Sumber asale tembung bisa diperang dadi papat yaiku (1) basa padinan, (2) basa arkhais, (3) basa Manca, lan (4) dhiale. Kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

a) Basa Padinan

Basa padinan yaiku basa kang digunakake saben dina dening masyarakat Jawa ing cecaturan. Basa padinan ing Jawa dibedakake miturut undha-usuke. Undha usuk basa yaiku tingkatan basa kang digunakake ing masyarakat Jawa kang diperang dadi loro yaiku ngoko lan krama. Andharan ing ngisor iki bakal ngonceki pangganggone basa ngoko lan krama kang digunakake juru gurit sajrone reriptan guritane.

1) Basa Padinan Ngoko

Basa padinan ngoko sajrone guritan ing antologi WAGPRP iki akeh banget digunakake dening juru gurit, nanging sajrone andharan ing ngisor iki dipilih saperangan kang nuduhake anane basa Jawa ngoko. Panganggone basa Jawa ngoko bisa diarani mujudake basa pokok saben sajrone guritan ing antologi WAGPRP iki:

(20) sapa jatinira kang ngangangi urip sun? (GS KC 12, PD 3, GT 2)

‘Pengarang mempertanyakan siapa yang mengayomi hidupnya selama ini.’

Pethikan dhata (20) mujudake pangganggone basa padinan ngoko kang dipilih dening juru gurit sajrone antologi geguritan WAGPRP. Pethikan (20) minangka pethikan saka geguritan kanthi irah-irahan “Guritan Sukma”. Panganggone basa padinan ngoko sajrone geguritan “Guritan Sukma” dituduhake lumantar pethikan tembung sapa lan urip. Tembung sapa lan urip saka tembung basa Jawa ngoko kang nduweni krama sinten lan gesang. Tembung-tembung kasebut bisa ditegesi pitakonane juru gurit marang samubarang tanpa aran kang tanpa dideleng saka pancadriya ngenani babagan sapa kang nglimputi uripe juru gurit lan alam jagad samesta.

2) Basa Padinan Krama

Basa krama tegese basa kang taklim, kanggone yen guneman kanthi pakurmatan marang kang diajak guneman. Sajrone Basa Jawa, basa karma nduweni tataran luwih dhuwur tinimbang ngoko. Surasa kang dituwuhake pangganggone yaiku alus lan prasaja, beda karo basa ngoko kang sipate luwih kasar. Sajrone antologi WAGPRP iki, senjata basa sing akeh digunakake yaiku ngoko, nanging pangganggone basa karma isih bisa ditemokake. Panganggone basa karma bisa ditemokake ing geguritan kang nduweni surasa alus lan taklim. Andharan ngenani pangganggone basa karma sajrone antologi geguritan WAGPRP bakal diandharake ing ngisor iki.

(21) nalika sun pirsu klebat laku bandhosa (GB KC 14, PD 1, GT 1)

‘ketika kulihat kelibat perjalanan keranda’

Pethikan dhata (21) mujudake panganggone basa padinan krama kang dipilih dening juru gurit sajrone antologi geguritan WAGPRP. Pethikan (21) minangka dadi pethikan saka geguritan kanthi irah-irahan “Gurit Bandhosa”. Basa padinan krama sajrone guritan “Gurit Bandhosa” dituduhake lumantar tembung pirsu. Tembung pirsu mujudake basa krama, basa ngoko saka tembung pirsu yaiku weruh. Basa padinan krama awujud tembung pirsu dienggo dening juru gurit kanggo ngurmati nalikane juru gurit weruh ana bandhosa kang dienggo gotong mayit.

b) Basa Arkhais

Basa arkhais yaiku basa kang saiki wis ora lumrah digunakake ing cacaturan padinan. Basa iki isih

bisa ditemokake sajrone naskah-naskah lawas. Jaman saiki basa iki isih digunakake ing tulisan-tulisan karya sastra. Basa Jawa kang kebleu basa arkais yaiku basa Jawa kuna lan basa Jawa tengahan. Sajrone guritan ing antologi WAGPRP iki bisa ditemokake guritan kang nggunakake tembung saka basa arkais. Andharan ing ngisor iki bakal ngonceki penganggane basa arkais kang digunakake juru gurit sajrone guritan ing antologi WAGPRP.

- (22) sun nggurit sukmaning wang (GS KC 12, PD 1, GT 1)
'kumembuat gurit sukmanya tulang rahang'

Pethikan dhata (22) ing ndhuwur mujudake panganggane sawijine sumber asale saka tembung basa Kawi. Dhata ing ndhuwur mujudake pethikan saka geguritan kanthi irah-irahan "Guritan Sukma". Dhata kang dienggo dening juru gurit nggunakake basa Kawi dituduhake lumantar ukara sun nggurit sukmaning wang. Ukara kasebut mujudake panganggane basa Arkais Kawi. Anane panganggane sumber asale tembung basa arkais Kawi dituduhake ing tembung sun. Tembung sun mujudake titikan panganggane basa arkais Kawi kang gampang diweruhi sajrone geguritan "guritan Sukma", juru gurit ora nggunakake basa arkais Kawi kanthi utuh. Dadi, pethikan kang ana sajrone geguritan "Guritan Sukma" mung mujudake saperangan saka sekabehe geguritan.

c) Basa Manca

Basa manca kang digunakake dening juru gurit sajrone guritan ing antologi WAGPRP, yaiku basa liya sing digunakake ing guritan sajrone antologi iki, panliti nemokake namung ana rong basa manca kang digunakake dening juru gurit sajrone guritan ing antologi WAGPRP, yaiku basa arab Supaya luwih cetha ngenani rong basa kasebut, bisa dideleng sajrone andharan ing ngisor iki.

1) Basa Arab

Penganggane basa Arab sajrone guritan ing antologi WAGPRP iki sethithik banget lan gampang banget bisa ditemokake, amarga kanthi tema, antologi iki akeh ngemot bab spiritual juru gurit, mula panganggane tembung basa Arab, kanthi wutuh, lan sing diowahi bisa ditemokake ing guritan-guritan sajrone antologi iki. Andharan panganggane basa Arab kang wutuh bakal diandharake ing ngisor iki.

- (23) nur muhammad tetep sun kekep (GS KC 12, PD 1, GT 4)
'nur muhammad tetap ku dekap'

Pethikan (23) dhata ing ndhuwur mujudake panganggane basa arab kang dipilih dening juru gurit sajrone geguritan "Guritan Sukma". Basa arab kang ana sajrone geguritan "Guritan Sukma" bisa dideleng saka

gatra nur muhammad. Tembung nur nduweni teges cahya dene tembung muhammad nduweni teges bagus utawa pinuji. Bab kasebut ngemu teges juru gurit nerangake sajrone kapitayan agama islam sadurunge ana makhluk kang diciptakake dening Pengeran nur muhammad kang miwiti diciptakake. Yen manut tema sajrone geguritan juru gurit nduweni pandoming ngurip lumantar paugeran-oaugeran agama islam

c. Dayane Tembung sing Dipilih

Dayane pamilihe tembung sajrone panliten iki ana papat, yaiku (1) daya kognitif (Interpretatif), (2) daya sosial, (3) daya spiritual, lan (4) daya estetik.

1. Kognitif

Kognitif utawa Interpretatif, sajrone Kamus Besar Bahasa Indonesia nduweni teges menehi kesan, pesan sarta pandangan teoretis ngenani salah sawijine samubarang. Sajrone antologi ing guritan WAGPRP bisa ditemokake guritan kang klebu guritan kognitif. Andharane ngenani guritan kognitif bakal dijlentrehna ing ngisor iki.

- (23) sapa wong kang njerit, bapa
senaydan endah kain tutup-e
jroning bandhosa tetep mayit isine
(GB, KC 14, PD 5, GT 1-3)
'siapa orang yang tidak menjerit, bapak
walaupun indah kain tutupnya
dalam keranda tetap mayatisinya'

Pethikan dhata (23) kang ana ing ndhuwur mujudake guritan kognitif. Pethikan ing ndhuwur kajupuk saka geguritan kanthi irah-irahan "Gurit Bandhosa". Kesan ngenani kahanan kang sedhih ana sajrone pethikan kasebut bisa dimangerteni saka ukara sapa wong ora njerit, bapa senadyan endah kain tutupe jroning bandhosa tetep mayit isine saka pada 5 gatra 1-3. Kesan juru gurit sajrone geguritan kasebut yaiku anane mayit manungsa senadyan ditutup karo kain kang dipaesi isih tetep ora bisa nutupi sedhihe ati ditinggal wong kang didemeni mati.

2. Sosial

Sosial mujudake sifat dhasar saka saben manungsa. Sastra nduweni paedah sosial lan ora asipat pribadhi.

- (24) o, yagene hamung ratu kang nyaru
tan sudi ngrungu panjeriting kawula
(KK KC 22, PD 5, GT 1-2)

'o, begini hanya ratu yang kurang patut
Tanpa sudi menengar jeritannya rakyat'

Pethikan dhata (24) kang ana ing ndhuwur mujudake geguritan sosial politik. Pethikan kasebut kajupuk saka geguritan kanthi irah-irahan "Kumbara Kumbakarna". Daya sosial kang ana sajrone geguritan "Kumbara Kumbakarna" dituduhake lumantar pethikan ukara o, yagene hamung ratu kang nyaru, tan sudi

ngrungu panjeriting kawula kang ana ing gatra 1-2. Daya sosial juru gurit kasebut bisa ditegesi nalikane juru gurit weruh kahanan gegayutane pamarentah marang rakyat kang ora sambung, pemerintah sing nduweni prilaku ala wis ora gelam ngrongake sambate rakyat kang lagi kesusahan.

3. Spiritual

Spiritual, miturut Kamus Besar Bahasa Indonesia yaiku nduweni sesambungan klawan jiwa. Karya sastra iku sawise diwaca menehi daya, daya ing kene ora mung menehake kaendahan, nanging daya kang nduweni sifat keruhanian, yaiku perangan kang paling jero saka jiwa manungsa.

- (25) sun kekep tembung:
hana
hanane hening kang mahanani (WP KC 34, PD 2, GT 1-5)
- ‘kudekap kata:
ada
adanya hening yang Maha ada’

Pethikan (25) dhata kang ana ing ndhuwur mujudake geguritan spiritual. Pethikan kasebut kajupuk saka geguritan kanthi irah-irahan “Wot Panggayuh”. Daya Spiritual kang ana sajrone geguritan “Wot Panggayuh” dituduhake lumantar pethikan ukara hana, hanane hening kang mahanani kang ana ing gatra 4-5. Daya spiritual kang ana sajrone guritan “Wot Panggayuh” bisa ditegesi nalikane juru gurit ngalami salah sawijining kedadeyan kang ora lumrah kaya umume yaiku ana samubarang kang dimangerteni juru gurit nalikane ana ing kahanan kang hening utawa suwung.

4. Estetik

Stilistika lan estetika mujudake aspek kang wigati sajrone karya sastra. Rasa sajrone karya sastra nduweni sesambungan karo emosi. Stilistika lan estetika mujudake sesambungan sebab lan kawusanan. Stilistika mujudake kepriya basa iku digunakake kanthi ngasilake utawa nuwuhake kaendahan. Sajrone guritan ing antologi WAGPRP iki, bisa ditemokake daya estetika ing guritan tertamtu. Daya estetikan kasebut bakal dibabar ana ing ngisor iki.

- (25) kumbara kumba kumba
karnaningsun nalikane krungu
tembung hangungung ndharu (KK KC 22, PD 2, GT 1-3)
- ‘kumbara beradu kepala tidak giat
telingaku ketika mendengar
kata yang terlalu menyanjung’

Pethikan dhata (25) mujudake pethikan saka geguritan kanthi irah-irahan “Kumbara Kumbakarna”. Daya estetik

sajrone guritan “Kumbara Kumbakarna” dituduhake lumantar wandane kang ditulis bola-bali yaiku /k/, /m/, /b/ sajrone kumbara kumba kumba lan wanda /u/ sajrone tembung hangungung ndharu. Panganggone wanda kang dibolan-baleni dening juru gurit kanggo nyelaraskake guru laguning gatra kang ana ing guritan kasebut saenga mujudake daya estetik lan inovatif. Anane tembung kang nduweni pocapan kang selaras kanthi cara inovatif iki nuwuhake rasa kaendahan tumrap guritan kasebut.

Asil Panliten

Bab iki njlentrehake ngenani asile panliten. Asil panliten iki yaiku diksi sajrone geguritan ing antologi WAGPRP anggitane Budi Palopo diperang dadi telu, yaiku (1) carane juru gurit milih tembung, (2) tembung sing dipilih lan (3) dayane tembung sing dipilih.

Asil panliten kang kapisan, yaiku carane juru gurit milih tembung dening juru gurit. Carane juru gurit milih tembung diperang dadi loro, ing antarane kanthi cara (1) konvensi (2) inovatif lan (3) uwal saka konvensi. Wujude tembung kanthi cara konvensional diperang dadi loro, yaiku (1) purwakanthi lan (2) pepindhan. Purwakanthi diperang dadi telu, yaiku (1) purwakanthi guru swara (2) purwakanthi guru sastra lan (3) purwakanthi lumaksita. Pepindhan diperang dadi papat, yaiku (1) bebasan, (2) saloka lan (3) rumpaka. Sajrone wujude tembung kanthi cara konvensional, juru gurit kerep nganggo tembung ing babagan purwakanthi guru swara lan pepindhan. Wujude pepindhan kang asring digunakake dening panganggit asring nggunakake bebasan, tinimbang kang arupa saloka lan sanepa. Banjur, wujude tembung kanthi carainkonvensional yaiku kanthi cara uwal saka konvensi. Panganggit nuduhake wujude diksi kanthi cara inkonvensional asring nggunakake tetembungan kang uwal saka konvensi kang ana. Uwal saka konvensi kang wus ana sajrone antologi geguritan WAGPRP kanthi cara uwal saka struktur sintaksis.

Asil panliten kang kapindho, ngenani sumbere tetembungan sajrone antologi geguritan WAGPRP. Sumber tetembungan kang digunakake panganggit yaiku ragam basa ngoko, basa krama, sarta ragam basa campuran, ing antarane Jawa-Indonesia, Jawa-Inggris lan Jawa-Arab, basa kawi. Ragam basa kang asring digunakake yaiku ragam basa ngoko lan ragam basa kawi.

Asil panliten kang pungkasan, yaiku ngenani dayane tembung sajrone antolog geguritan WAGPRP diperang dadi papat, yaiku (1) daya kognitif (2) daya sosial, (3) daya spiritual lan (3) daya estetik. Dayane tetembungan kang kerep dienggo juru gurit yaiku daya spiritual lan lan daya sosial.

Dhiskusi Asil Panliten

Beda karo panliten-panliten sadurunge sing nlinti ngenani pamilihe tembung. Panliten iki luwih jero maneh nintingi stilistika mligine pamilihe tembung. Panliten saemper kaya dene panliten Meriya Puspitasari, 2013 “Pamilihe Tembung lan Lelewane Basa Sajrone Antologi Geguritan Bakal Terus Gumebyar anggitane Suci Hadi Suwita (Tintingan Stilistika)” namung ngonceki babagan panganggone tembung uga titi ukara kang kinandhut ana sajrone antologi Bakal Terus Gumebyar. Semana uga panlitene Muhammad Isyommudin, 2016 “Pamilihe Tembung lan Lelewane Basa Sajrone Antologi Geguritan Kidung Lingsir Wingi Anggitane Suharmono Kasiun” luwih nengake bab majas kang ana sajrone antologi geguritan kidung lingsir wengi.

Panliten saemper kang ana ing ndhuwur mau njlentrehake ngenani pamilihe tembung. Kang dadi pambédane ing panliten iki yaiku pamerange pamilihe tembung. Pamilihe tembung sajrone panliten iki diperang dadi telu, yaiku: (1) carane juru gurit milih tembung, (2) tembung sing dipilih, lan (3) dayane tembung sing dipilih. Carane juru gurit milih tembung disengkuyung karo andharane Sudjiman (1993:19), yen carane juru gurit milih tembung ana telu yaiku kanthi cara: (1) konvensional, (2) inovatif, lan (3) uwal saka konvensi kang wis ana. Dene, ngenani tembung sing dipilih sajrone guritan ing antologi Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluha dicundhukake karo andharane Aminuddin (2014:140) diperang dadi loro ing antarane yaiku: (1) jinise tembung sing dipilih, lan (2) sumber asale tembung sing dipilih. Yen jinise tembung sajrone guritan bisa diperang dadi telu, ing antarane (1) tembung kang umum, (2) pocapan, lan (3) simbul. Banjur, sumber asale tembung sing dipilih ana papat, yaiku (1) basa padinan, (2) basa arkhais, (3) basa manca. Dene dayane tembung sajrone panliten iki diperang dadi papat, yaiku: (1) daya kognitif (interpretatif), (2) daya sosial, (3) daya spiritual, lan (4) daya estetik.

Adhedhasar dhiskusi ana ing ndhuwur bisa didudut yen asile panliten pamilihe tembung sajrone guritan ing antologi WAGPRP anggitane Budi Palopo akeh nggunakake peranan kapindho yaiku tembung sing dipilih, bab iki disengkuyung merga anane dhata kang luwih akeh ditemokake sajrone peranan kasebut katimbang peranan liyane.

PANUTUP

Bab panutup iki bakal diandharake ngenani dudutan saka andharan asile panliten lan pamrayoga. Andharan kasebut dijlentrehake ing ingisor iki

Dudutan

Adhedhasar andharan asil panliten kang wis dilakokake tumrap geguritan ing antologi Wong Agung Guritan Punjul Rong Puluha anggitane Budi Palopo, asil

panliten nuduhake anane maneka warna pamilihe tembung kang dienggo dening juru gurit. Andharan ngenani asil panliten kang wis diandharake ing bab sadurunge, bisa dimangerteni menawa Budi Palopo sajrone geguritan ing antologi WAGPRP nggunakake maneka warna pamilihe tembung kang bisa dideleng ing panjlentrehan ngisor iki.

Asil panliten kang kapisan, yaiku carane juru gurit milih tembung. Carane juru gurit milih tembung diperang dadi telu, ing antarane kanthi cara (1) konvensional lan (2) inovatif (3) uwal saka konvensi kang ana. Wujude tembung kang dipilih juru gurit kanthi cara konvensional diperang dadi loro, yaiku (1) purwakanthi, (2) pepindhan. Purwakanthi diperang dadi telu, yaiku (1) purwakanthi guru swara (2) purwakanthi guru sastra (3) purwakanthi lumaksita. Pepindhan diperang dadi telu, yaiku (1) bebasan, (2) saloka lan (3) sanepa. Wujude tembung kang dipilih juru gurit kanthi cara inovatif diperang dadi telu, yaiku (1) tembung wuwuhan (2) tembung rinangkep (3) tembung camboran. Banjur, wujude tembung kanthi cara uwal saka konvensi kang ana yaiku panganggit nuduhake wujude tembung kanthi cara uwal saka konvensi kang ana sajrone geguritan antologi WAGPRP kayata asring nggunakake tetembungan basa Indonesia dipeksa dadi basa Jawa.

Asil panliten kang kapindho, ngenani tembung sing dipilih sajrone antologi geguritan WAGPRP. Tembung kang digunakake panganggit yaiku ragam basa ngoko, basa krama, sarta ragam basa campuran, ing antarane Jawa-Indonesia lan Jawa-Arab. Ragam basa kang asring digunakake yaiku ragam basa ngoko lan ragam basa campuran Jawa-Indonesia.

Asil panliten kang pungkasan utawa katelu, ngenani sipate diksi sajrone antologi WAGPRP diperang dadi papat, yaiku (1) daya kognitif (2) daya sosial, (3) daya spiritual lan (4) daya estetik. Sipate diksi kang asring digunakake dening panganggit yaiku sipat sosial lan estetik.

Titikan karya sastra kang diripta dening Budi Palopo kang mbedakake karo panganggit liyane, yaiku Budi Palopo asring ngripta karya sastra kang asipat sosial lan spiritual. Sipat sosial kasebut dijupuk saka kahanan ing sakupenge lan Budi Palopo anggone ngripta uga asring nyritakake apa kang tau panjenengane alami. Tuladhane rriptan kang diripta dening Budi Palopo minangka pengalaman pribadhi yaiku cerkak kanthi irah-irahan Amit Sewu. Guritan Amit Sewu minangka guritan kang diripta dening Budi Palopo kang dijupuk saka pengalaman pribadhi panjenengane

Pamrayoga

Panliten iki diajab supaya bisa nambahi kawruh ngenani basa sajrone karya sastra tumrap para panulis lan pamaca. Panulis nduweni pangarep-arep supaya panliten

iki bisa nambahi wawasan lan kawruh luwih jero ngenani karya sastra basa Jawa mligine babagan pamilihe tembung sajrone karya sastra. Saliyane iku panliten iki uga dikarepake bisaa dadi referensi sajrone nindakake panliten-panliten liyane kang saemper kang ana gegayutane klawan basa sajrone karya sastra, mligine ing babagan pamilihe tembung.

KAPUSTAKAN

- Al-Ma'ruf, Ali Imron. 2009. *Stilistika*. Surakarta: Cakra Books Solo.
- Aminuddin. 2014. *Pengantar Apresiasi karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algensindo.
- Atmazaki. 1993. *Analisis Sajak. Teori Metodologi dan Aplikasi*. Bandung: Angkasa.
- Chaer, Abdul. 2003. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Dewi, Mismawati. 2015. *Jenis-jenis Puisi Dan Membaca Puisi*, (Online), (<http://kuliahmisma.blogspot.com/2015/10/makalah-kajian-puisi.html>), diakses 12 november 2018)
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Sastra Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Medpress.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- Faizah, Hasnah, A.R. 2009. *Bahasa Indonesia*. Pekanbaru: Cendikia Insani.
- Hadiwidjana, R. D. S. 1967. *Tata Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University.
- Kamus Besar Bahasa Indonesia. (1998). Jakarta : Pustaka Amani
- Keraf, Gorys. 2009. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: Penerbit PT Gramedia Pustaka Utama.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Nurdiyantoro, Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Jogjakarta: Gajah Mada University Press.
- Nurdiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Padmosoekotjo. 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Surakarta: Panitia Bahasa Djawa
- Palopo, Budi. 2009. *Wong Agung Gurit Punjul Rong Puluw*. Surabaya: Dewan Kesenian Jawa Timur.
- Poerwadarminta. 1953. *Baoesastra Djawi*.
- Poerwadarminta W.J.S. 1986. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 1997. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2005. *Pengkajian Puisi*. Jakarta: Gajah Mada University Press.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2010. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramaliguna.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University.
- Sugiyono. 2009. *Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif dan R&D*. Jakarta: Alfabeta
- Sudjiman, Panuti. 1993. *Bungah Rampai Stilistika*. Jakarta: Grafiti.
- Suminto, Ahmad Sayuti. 2002. *Berkenalan Dengan Puisi*. Yogyakarta: Gama Media
- Tarigan, Henry Guntur. (1984). *Menulis sebagai suatu keterampilan berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Tim Penyusun Pusat. 2007. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Wahyuningtyas, Siska. 2015. *Wujud Pamilihe Tembung Lan Lelewane Basa Sajrone Antologi Cerkak NYOLONG PETHEK Anggitane Ary Nurdiana (Tintingan Stilistika)*. Skripsi tidak diterbitkan: PPs Universitas Negeri Surabaya.
- Waluyo, Herman J. 2003. *Pengkajian Sastra Rekaan*. Salatiga : Widayarsi Press
- Wedhawati, dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori Kasusastran*. Jakarta: Gramedia.
- Widada, dkk. 2011. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa) Edisi Kedua*. Yogyakarta: Kanisius